

**LEE MEMORIAL HEALTH SYSTEM
MANYÈL SOU POLITIK AK PWOSEDI**

Politik sou asistans finansye (FAP) LMHS		NIMEWO LOKALIZASYON																					
T I P	<input checked="" type="checkbox"/> Tout sistèm nan – Yon deklarasyon fòmèl sou valè, entansyon (politik), ak atant (pwosedi) ki aplike a chak anplwaye nan tout sistèm nan.	CHAPIT: M05																					
	<input type="checkbox"/> Miltidisciplinè – Yon deklarasyon fòmèl sou valè, entansyon (politik), ak atant (pwosedi) ki aplike a plis pase yon disiplin epi souvan ki denati klinik. Tyeke anba a pou tout domèn sa a aplikab.	ONGLÈ: 00																					
	<input type="checkbox"/> Depatmantal - Yon deklarasyon fòmèl sou valè, entansyon (politik), ak atant (pwosedi) ki esklizif a yon depatman oswa yon gwoup moun an patikilye nan yon depatman nan yon lokalite oswa plizyè ki pa gen enpak sou ankenn lòt domèn.	# POLITIK:																					
Disiplin / lokalite kote politik miltidisciplinè sa a aplikab:																							
<table style="width: 100%; border: none;"> <tr> <td style="border: none;"><input type="checkbox"/> Jesyon enfòmasyon medikal</td> <td style="border: none;"><input type="checkbox"/> Famasi</td> <td style="border: none;"><input type="checkbox"/> Enfimyè lopital swen entansif</td> </tr> <tr> <td style="border: none;"><input type="checkbox"/> Antretyen/netwayaj</td> <td style="border: none;"><input type="checkbox"/> Operasyon enstalasyon yo</td> <td style="border: none;"><input type="checkbox"/> Sèvis anbilatwa</td> </tr> <tr> <td style="border: none;"><input type="checkbox"/> Sistèm enfòmasyon</td> <td style="border: none;"><input type="checkbox"/> Radyoloji</td> <td style="border: none;"><input type="checkbox"/> Swen adomisil</td> </tr> <tr> <td style="border: none;"><input type="checkbox"/> Laboratwa</td> <td style="border: none;"><input type="checkbox"/> Sèvis reyadaptasyon</td> <td style="border: none;"><input type="checkbox"/> HPCC</td> </tr> <tr> <td style="border: none;"><input type="checkbox"/> Sèvis legal</td> <td style="border: none;"><input type="checkbox"/> Respiratwa</td> <td style="border: none;"><input type="checkbox"/> Ofis doktè</td> </tr> <tr> <td style="border: none;"><input type="checkbox"/> Nitrisyon</td> <td style="border: none;"><input type="checkbox"/> Sekirite</td> <td style="border: none;"><input type="checkbox"/> Lopital reyadaptasyon</td> </tr> <tr> <td style="border: none;"><input type="checkbox"/> Lòt _____</td> <td></td> <td></td> </tr> </table>			<input type="checkbox"/> Jesyon enfòmasyon medikal	<input type="checkbox"/> Famasi	<input type="checkbox"/> Enfimyè lopital swen entansif	<input type="checkbox"/> Antretyen/netwayaj	<input type="checkbox"/> Operasyon enstalasyon yo	<input type="checkbox"/> Sèvis anbilatwa	<input type="checkbox"/> Sistèm enfòmasyon	<input type="checkbox"/> Radyoloji	<input type="checkbox"/> Swen adomisil	<input type="checkbox"/> Laboratwa	<input type="checkbox"/> Sèvis reyadaptasyon	<input type="checkbox"/> HPCC	<input type="checkbox"/> Sèvis legal	<input type="checkbox"/> Respiratwa	<input type="checkbox"/> Ofis doktè	<input type="checkbox"/> Nitrisyon	<input type="checkbox"/> Sekirite	<input type="checkbox"/> Lopital reyadaptasyon	<input type="checkbox"/> Lòt _____		
<input type="checkbox"/> Jesyon enfòmasyon medikal	<input type="checkbox"/> Famasi	<input type="checkbox"/> Enfimyè lopital swen entansif																					
<input type="checkbox"/> Antretyen/netwayaj	<input type="checkbox"/> Operasyon enstalasyon yo	<input type="checkbox"/> Sèvis anbilatwa																					
<input type="checkbox"/> Sistèm enfòmasyon	<input type="checkbox"/> Radyoloji	<input type="checkbox"/> Swen adomisil																					
<input type="checkbox"/> Laboratwa	<input type="checkbox"/> Sèvis reyadaptasyon	<input type="checkbox"/> HPCC																					
<input type="checkbox"/> Sèvis legal	<input type="checkbox"/> Respiratwa	<input type="checkbox"/> Ofis doktè																					
<input type="checkbox"/> Nitrisyon	<input type="checkbox"/> Sekirite	<input type="checkbox"/> Lopital reyadaptasyon																					
<input type="checkbox"/> Lòt _____																							
Dat Orijin: 10/15	Revize/Pa t revize:	Dat yo te revize l:																					
Pwochen dat revizyon:																							
Otè(yo): Anne Rose																							
Revize pa:																							
Komite pratik klinik:		Dat:																					
Komite edikasyon klinik		Edikasyon konplete: Dat:																					
Plan edikasyon obligatwa:	Wi Non: <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>	Dat:																					
Apwouve pa:																							
Administratè politik la:	Ben Spence, Direktè finansye	Dat: 01/10/2015																					
Lè sa nesesè:																							
Direktè medikal:		Dat:																					
Konsèy administrasyon:		Dat: 19/11/2015																					

BI:

Pou etabli kritè ak pwosesis ki sèvi kòm baz pou Lee Memorial Health System (“LMHS”) ofri asistans finansye pou malad ki elijib.

POLITIK:

Se politik Lee Memorial Health System pou l trete pi gwo kantite malad ki abite nan limit zòn sèvis prensipal nou an toutpandan n ap asire n gen fon adekwa pou kontinye misyon piblik LMHS la. LMHS angaje l pou l bay swen medikal nan kadijans ak swen ki nesèsè nan domèn medikal nan lopital li yo pou moun ki gen bezwen swen medikal epi ki pa gen asirans oswa ki otreman paka peye pou sèvis yo. LMHS pral bay moun, san diskriminasyon, swen medikal nan kadijans ak swen ki nesèsè nan domèn medikal kèlkanswa elijiblite yo pou asistans finansye oswa pou asistans gouvènman an.

Disponiblite asistans finansye se pa yon ranplasman pou responsablite pèsònèl. Yo atann pou malad yo koopere avèk pwosedi LMHS yo pou yo jwenn asistans finansye oswa lòt fòm sipò, epi pou kontribye nan pèman swen y ap resevwa dapre kapasite yo genyen pou yo peye.

Nan objektif sa a, LMHS ofri politik sou asistans finansye sa a (“FAP”) ki:

- Gen ladan l kritè elijiblite pou asistans finansye, kit se pou swen gratis kit se pou swen nan pri redui;
- Dekri baz pou kalkile montan yo chaje malad ki elijib pou asistans finansye nan FAP;
- Dekri metòd pou malad yo aplike pou asistans finansye;
- Deklare LMHS pral pibliye politik la nan kominite LMHS desèvi; epi
- Limite montan yon lopital LMHS pral chaje pou swen medikal nan kadijans ak swen ki nesèsè nan domèn medikal yo bay moun ki elijib pou asistans finansye a montan lopital la jeneralman faktire malad ki gen asirans prive, Medicaid, ak Medicare.

DEFINISYON

Yo defini “swen medikal nan kadijans” kòm swen pou trete yon pwoblèm medikal ki parèt avèk sentòm ki sifizamman grav (ikonpri doulè grav) kote si moun nan pa jwenn swen medikal imedyà, yo ka rezonabman atann pou sa lakoz: deteryorasyon grav fonksyon kò a, oswa malfonksyon grav nenpòt ògàn oswa pati yon ògàn nan kò a, oswa sa ka mete sante moun nan nan yon danje grav.

Yo defini “Chaj brit” kòm chaj total dapre tarif konplè lopital k ap bay tretman an etabli pou yo bay sèvis swen pou malad la anvan yo aplike dediksyon nan resèt yo.

Yo defini “swen ki nesèsè nan domèn medikal” kòm swen medikal ki satisfè kondisyon sa yo: (a) nesèsè pou pwoteje lavi, pou anpeche maladi grav oswa envalidite ki enpòtan, oswa pou aleje doulè grav; (b) endividalize, espesifik epi konsistan ak sentòm yo oswa dyagnostik ki konfime sou maladi oswa blesi k ap resevwa tretman an, epi ki pa depase bezwen malad la; (c) konsistan avèk nòm medikal pwofesyonèl ki jeneralman akseptab jan sa detèmine dapre pwogram Medicaid la, epi ki pa eksperimantal oswa investigasyonèl; (d) ki reflekte nivo sèvis yo ka bay san danje, epi kote pa gen ankenn lòt tretman ki osi efikas epi plis konsèvatif oswa mwen chè ki disponib nan tout eta a; epi (e) yo founi nan yon fason kote se pa paske li prensipalman pratik pou malad la, moun k ap pran swen malad la, oswa founisè a. Definisyon “swen ki nesèsè nan domèn medikal” sa a se menm definisyon ou jwenn nan Florida Administrative Code Rule 59G-1.010 ki dirije pwogram Medicaid Florid la.

Yo pa pral konsidere sèvis ki pral site la yo kòm “swen ki nesèsè nan domèn medikal” pou bi FAP sa a san yon sètifikasyon doktè ki fè konnen sèvis yo se swen ki nesèsè nan domèn medikal jan sa defini anwo a:

- Sèvis estetik;
- Sèvis ki gen rapò ak obezite;
- Sèvis opsyonèl;
- Sèvis ou pa resevwa nan yon etablisman lopital LMHS; ak
- Sèvis Medicare konsidere kòm yon sèvis ki pa kouvri, kit malad la gen Medicare, kit li pa genyen l.

Yo defini “zòn sèvis prensipal” kòm konte Lee, Charlotte, Collier, Glades, ak Hendry nan Florid.

Yo defini “pa gen asirans” kòm yon malad ki pa gen ankenn nivo asirans oswa asistans nan men yon tyès pati pou ede l ranpli obligasyon li genyen pou l fè pèman.

ETANDI

FAP aplikab a swen medikal nan kadijans ak swen ki nesesè nan domèn medikal LMHS bay nan kad lopital, epi li enkli sèvis doktè nan Lee Physician Group bay malad ki entène lopital oswa malad ki nan saldjans lopital la. FAP pa aplikab a swen LMHS bay andeyò kad lopital la, tankou lè w al kay doktè nan klinik Lee Physician Group la. Doktè tretan ki pa anplwaye LMHS ka oswa ka pa ofri rabè asistans finansye.

Ou ka jwenn yon lis founisè konplè ki idantifye doktè FAP kouvri ak doktè FAP pa kouvri lè w ale nan <http://www.leememorial.org/businessoffice/financial-assistance.asp>. Ou ka mande pou yo ba w yon kopi ki gen lis doktè yo sou papyè lè w rele Central Business Office la nan 1-800-809-9906. Yo fè yon mizajou sou lis sa a omwen chak trimès.

Malad yo elijib pou asistans finansye nan FAP sèlman si yo satisfè limit nan revni ki aplikab la epi:

- Yo pa gen asirans;
- Yo abite nan zòn sèvis prensipal LMHS;
- Yo bay LMHS enfòmasyon ki nesesè konsènan finans moun ki abite lakay yo; epi
- Resevwa sèvis nan yon etablisman lopital LMHS (The Rehabilitation Hospital, Cape Coral Hospital; Golisano Children’s Hospital; Gulf Coast Medical Center; HealthPark Medical Center; ak Lee Memorial Hospital).

Asistans finansye tipikman pa disponib pou:

- Kotpa asirans;
- Franchiz asirans;
- Moun ki pa konfòme yo ak kondisyon sou asirans ki rezonab tankou pou jwenn otorizasyon oswa rekòmandasyon;
- Moun ki chwazi pou yo pa gen kouvèti asirans; ak
- Moun ki abite andeyò zòn sèvis prensipal LMHS.

Kèlkanswa elijiblite yon malad nan FAP, LMHS pral ofri, san diskriminasyon, swen pou pwoblèm medikal nan yon kadijans (nan limit siyifikasyon seksyon 1867 Lwa Sekirite Sosyal la). LMHS pa pral angaje l nan aksyon ki dekouraje moun chèche swen medikal nan kadijans. Lefètke yo akòde yon moun asistans finansye sa pa retire dwa Lee Memorial Health System genyen pou l chèche pèman nan lòt sous, tankou asirans, règleman responsablite ak jijman. Anplis de sa, ***LMHS retni diskresyon l pou l ofri asistans finansye pou malad ki abite andeyò zòn sèvis prensipal li a.***

METÒD POU APLIKE

Chak malad genyen opòtinite pou aplike pou asistans finansye nenpòt lè pandan peryòd relasyon l avèk LMHS:

- Anvan tretman;
- Pandan dire tretman an; epi
- Jiska rezolisyon kont li an.

Yo mande malad yo pou yo konplete aplikasyon pou asistans finansye (“FAA”) LMHS la epi pou yo soumèt enfòmasyon yo mande yo a. Yo mande malad yo pou yo retounen FAA a ak enfòmasyon an nan yon espas 15 jou aprè yo fin anrejistre nan lopital la. FAA a disponib sou entènèt nan <http://www.leememorial.org/businessoffice/financial-assistance.asp>.

Yo pral aksepte yon FAA ki konplete avèk atestasyon ki siyen kòm dokimantasyon sifizan pou revni ki rapòte amwenske LMHS, nan diskresyon l sèlman, mande dokimantasyon pou sipòte enfòmasyon ki sou aplikasyon an. LMHS ka mande nenpòt nan dokimantasyon sipò ki pral site la yo pou malad la oswa moun ki nan kay malad la:

- Souchèk;
- Fòm taks;
- Verifikasyon salè alekri nan men anplwayè l;
- Fòm retansyon W-2;
- Verifikasyon alekri ki sot nan yon ajans gouvènmantal ki ateste estati revni yon malad;
- Deklarasyon sipò zanmi bay lè revni ki rapòte a se \$0;
- Rapò kredi; epi
- Dokiman ki demontre malad la abite nan zòn sèvis prensipal LMHS.

Si yon malad pa bay dokiman sipò yo sa pa anpeche pou LMHS bay asistans finansye.

Malad yo idantifye kòm travayè endepandan dwe bay ni dosye taks pèsonèl yo ni dosye taks biznis yo pou 12 mwa anvan dat sèvis la kòm yon pati nan aplikasyon yo fè pou asistans finansye.

LMHS ka chèche verifye revni, sa ka gen ladan l tou tyeke antesedan kredi yon moun.

Yo pral konsidere tout aplikasyon. Yo pral fè efò ki rezonab pou detèmine elijiblite pou asistans dapre aplikasyon ki pa konplè. Yo ka baze detèminasyon pou elijiblite sou enfòmasyon yo jwenn nan rapò kredi oswa nan enfòmasyon finansye malad la te deja soumèt, dyagnostik ak pèman malad la te fè deja. Yo pral prezime malad yo konnen ki deja epuize benefis Medicaid yo epi/oswa ki sanzabri kòm moun ki elijib. Yo ka baze prezonpsyon sa a sou enfòmasyon yo te jwenn nan Ajans pou Administrasyon Swen Medikal nan Florid (pa egzanp, atravè pòtay entènèt Ajans la oswa Sistèm Jesyon Enfòmasyon Medicaid) oswa atravè lojisyèl faktirasyon LMHS.

Apwobasyon pou asistans finansye ka pran jiska 30 jou.

Malad ki kalifye pou asistans finansye pral rete elijib pou yon peryòd ki ka rive jiska 120 jou. Aprè 120 jou yo, dokiman finansye ki ajou obligatwa pou yo detèmine si malad la toujou elijib.

Estimasyon ak konsèy sou asistans finansye pral disponib sou demann anvan oswa aprè w fin resevwa sèvis yo.

Moun ki bezwen asistans avèk pwosesis aplikasyon an ka kontakte Central Business Office nan 1-800-809-9906.

ASISTANS FINANSYE KI DISPONIB AK KRITÈ SOU ELIJBLITE

Si revni yon malad pi ba pase 400 pousan direktiv povrete federal la, malad la ka resevwa kèk fòm asistans finansye. LMHS retni diskresyon l pou l bay asistans finansye menm pou malad ki andeyò direktiv revni estanda sa yo.

Revni malad la	Montan asistans finansye
Nan oswa pi ba pase 200 pousan direktiv povrete federal la	Malad la elijib pou 100 pousan asistans finansye epi yo elimine frè lopital la ak frè Lee Physician Group ki gen rapò ak swen yo bay nan lopital la pou LMHS.
Ant 201 ak 400 pousan direktiv povrete federal la	Malad la elijib pou yon rediksyon 80 pousan nan chaj brit nan lopital LMHS yo ak frè Lee Physician Group la ki gen rapò ak swen yo bay nan lopital la, sa vle di, malad la peye 20 pousan nan chaj brit la.
Responsablite malad la pou chaj lopital la depase 25 pousan revni fanmi an men li pa depase kat fwa nivo povrete federal la pou yon fanmi ki gen kat moun ladan l.	Malad la elijib pou 100 pousan asistans finansye epi yo elimine frè lopital yo ak frè Lee Physician Group ki gen rapò ak swen yo bay nan lopital la pou LMHS.

BAZ POU KALKILE MONTAN YO JENERALMAN FAKTIRE

Lè yon malad kalifye pou asistans finansye ki mwens pase 100 nan chaj brit yo jan sa dekri anwo a, frè malad la responsab pou l peye a pa pral depase montan yo jeneralman faktire moun ki gen asirans ki kouvri swen konsa (“AGB”).

Lee Memorial Health System itilize metòd “gade dèyè” a pou l kalkile AGB pou etablisman lopital li yo. AGB a se montan minimòm nou pral kolekte nan men yon malad ki elijib pou asistans finansye nan politik pou asistans finansye a. Pousantaj AGB a baze sou tout reklamasyon Medicare, Medicaid ak konpayi asirans prive pèmèt sou yon peryòd 12 mwa, divize pa chaj brit ki asosye pou reklamasyon sa yo. Ou ka jwenn kalkil pou AGB LMHS la nan <http://www.leememorial.org/businessoffice/financial-assistance.asp>.

AKSYON KOLEKSYON

Li toujou preferab pou bay asistans finansye olye pou pran aksyon pou kolekte balans ki aryere yo. LMHS pral pran kèk etap rezonab pou detèmine elijiblite yon malad nan FAP. Etap sa yo genyen ladan yo diskisyon sou FAP la pandan anrejistreman an, mete materyèl pou aplikasyon an disponib nan zòn anrejistreman lopital la epi sou entènèt, epi ofri konsèy finansye. Men malad yo dwe patisipan ki aktif nan pwosesis aplikasyon an epi soumèt dokimantasyon yo mande pou sipòte aplikasyon yo a.

Si malad yo pa aplike pou asistans finansye epi yo pa peye balans yo dwe a, yo pral voye kont yo a nan yon ajans koleksyon. Yo pral voye yon lèt pou malad yo, anplis de dènye fakti yo a,

pou enfòmè yo y ap voye kont yo a nan yon ajans koleksyon. Malad yo gen senk jou ouvrab pou reponn lèt la anvan yo antame aksyon koleksyon.

Rapò biwo kredi yo pap kòmanse pazavan 120 jou aprè malad la fin resevwa fakti aprè l egzeyate epi yo pral bay malad la 30 jou anvan biwo kredi a kòmanse rapòte pèman malad la dwe a.

LMHS ka antame yon aksyon legal kont malad ki pa kalifye pou asistans finansye epi ki posede ase byen pou kouvri balans yo dwe ki gen plis pase 120 jou. Yo pa pral antame aksyon legal pazavan avoka entèn LMHS la apwouve sa epi malad la pral resevwa yon notis 30 jou anvan yo kòmanse aksyon legal la. Aksyon legal ka genyen ladan l referans nan ajans koleksyon, pwosè sivil, sezi sou lajan w touche, dwa retansyon sou byen ou genyen, ak reklamasyon nan pwosedi fayit ak siksesyon epi yo ka rapòte sa nan biwo kredi. Nan kèk ka ki limite epi kote lalwa pèmèt sa, LMHS ka refize (oswa egzije pèman alavans) pou swen ki pa ijan pou yon moun ki genyen yon fakti oswa plizyè ki pa peye pou swen li te deja resevwa nan LMHS.

Central Business Office LMHS la (pou kont lopital la) ak Lee Professional Billing (pou kont sèvis doktè yo), an konsiltasyon avèk Depatman Sèvis Legal la, genyen otorite final pou detèmine si wi ou non LMHS te fè efò rezonab pou detèmine elijiblite pou FAP anvan yo te kòmanse aksyon koleksyon.

PIBLIKASYON FAP LA

FAP sa a, ansanm ak FAA a ak rezime langaj senp FAP a, pral pibliye lajman nan kominote LMHS desèvi, an konfòmite konplè avèk règleman Depatman Finans Etazini. LMHS pral mete menm materyèl sa yo ak notifikasyon ki nesèsè yo disponib tou nan lang panyòl, kreyòl ayisyen, alman, ak lang prensipal nenpòt lòt gwoup ki gen yon popilasyon ki depase swa 1000 moun swa senk pousan (5%) kominote LMHS sèvi.

Moun ki gen kesyon konsènan politik sou asistans finansye a ka telefone yon konseye finansye nan 1-800-809-9906. Enfòmasyon konsènan politik sou asistans finansye a disponib tou nan <http://www.leememorial.org/businessoffice/financial-assistance.asp>.